

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

Dina ieu bab, dipedar ngeunaan (1) kacindekan jeung (2) saran tina hasil panalungtikan kana buku bacaan barudak *Tarekh Rasulullah* yasana Abdullah Mustapa. Anapon dadaranana bisa katitén dina pedaran ieu di handap.

5.1. Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan salah sahijina pikeun ngaidéntifikasi jeung ngadéskripsikeun karya sastra barudak, hususna buku bacaan barudak *Tarekh Rasulullah* yasana Abdullah Mustapa ngaliwatan tiori struktural jeung program literasi di sakola. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif analisis. Sedengkeun téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi pustaka/telaah pustaka, analisis data, jeung interprétasi data.

Ajén-ajén karakter anu ditalungtik nyoko kana 18 ajén-ajén karakter numutkeun Pusat Pengembangan Kurikulum.

Aya 33 épisode carita dina buku bacaan *Tarékh Rasulullah* yasana Abdullah Mustapa anu bisa dijadikeun bahan réferénsi program gerakan literasi di sakola Judul épisode anu kasampak dina buku *Tarékh Rasulullah* nya éta (1)Halimah, (2) Abu Thalib, (3) Perang Fijar, (4) Opat onta, (5) Manuk Ababil, (6)Hajar Aswad, (7) Ali, (8) Iqra, (9) Shalat, (10) Abu Lahab, (11) Muhammad ditukeuran, (12) Abu Jahal, (13) Insyallah, (14) Tilu Perkara, (15) Hamzah, (16)Hijrah ka Abésinia, (17) Jafar, (18) Dimana Muhammad, (19) Abu Dzar, (20)Ammar bin Yassir, Tufail, (21) Ngintip,(22) Boikot, (23) Ruksak ku Geget, (24) La Illaha Illallah, (25) Di Tha'if, (26) Salman, (27) Ngabandungan Eusi Qur'an, (28) Ampir Diusir, (29) Diajangkeun ka Langit, (30) Nabi Isa Disalmetkeun, (31) Paréntah Shalat Lima Waktu, (32) Nu Malurtad. éta carita téh bisa jadi pieunteungeun pikeun siswa jeung ngawangun karakter siswa

Téma anu katémbong dina buku bacaan barudak *Tarekh Rasulullah* yasana Abdullah Mustapa téh nya éta “perjuangan Nabi Muhammad dina mancan tugas nyebarkeun agama Islam”.

Galur anu digunakeun dina éta carita umumna nya éta galur mérélé, hartina pangarang dina nepikeun carita dimimitian ku bubuka, munculna konflik atawa pasualan, jeung ditutup ku solusi tina éta pasualan. Palaku dina éta carita kabagi ku palaku utama anu jadi palaku protagonis 3 palaku (Muhammad, Khadijah jeung Abu Thalib), 2 palaku antagonis (Abu Lahab jeung Abu Jahal), 15 palaku panambah dina buku I, 20 palaku panambah dina buku II, 15 palaku panambah dina buku III, jeung 15 palaku panambah dina buku IV. Latar anu kapanggih dina éta carita ngawengku latar tempat, latar waktu. Sacara gurat badag unggal kajadian lolobana dicaritakeun di Mekah. Ari latar waktu ditémbongkeun ku waktu isuk-isuk, beurang, soré, jeung peuting. Puseur panitén anu digunakeun ku pangarang dina éta carita nya éta caturan jalma katilu. Hartina, pangarang nempatkeun dirina salaku jalma anu aya di luareun carita. Ieu hal dicirian ku palaku utama anu kasebut ti mimiti nepi ka ahir carita.

Judul dina unggal jilid oge unggal episode luyu jeung eusi oge tema carita. Puseur implengan dina ieu carita ngagunakeun jalma katilu, pangarang saolah-olah nyaho kana sagala hal dina eta carita. Sedengkeun gaya basana teu loba, jadi ieu carita gampang dipikapaham ku nu maca.

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran tina data, kacindekan tina ieu panalungtikan ngeunaan ajén karakter tokoh dina buku anu dileler hadiah Samsudi pikeun bahan atikan karakter téh nya éta, tina ajén-ajén karakter numutkeun Pusat Kurikulum dumasar kana Agama, Pancasila, Budaya, oge tujuan pendidikan nasional, ajén karakter tokoh dina buku bacaan *Tarékh Rasulullah* diantaranya : 1) Réligius, 2) Jujur, 3) Toléransi, 4) Kerja keras, 5) Rasa ingin tahu, 6) Bersahabat/komunikatif, 7) Cinta damai, 8) Peduli sosial, 9) tanggung jawab. Gambaran karakter kasebut kaunggel ngaliwatan sikep jeung paripolah tokoh-tokoh carita, boh anu digambarkeun sacara langsung atawa digambarkeun ngaliwatan paguneman para tokohna. Ajén-ajén karakter anu aya dina éta buku téh luyu pisan saupama dijadikeun bahan atikan karakter di sakola ti mimimiti tingkat dasar nepika tingkat luhur ngaliwatan program gerakan literasi sakola.

Salapan ajén karakter tokoh éta bisa dipake dina bahan ajar basa Sunda anu nyurup kana, (1). Tujuan pangajaran maca novel, (2). Indikator pencapaian pangajaran maca novel, (3). Kegiatan diajar maca novel di kelas XI.

Hasil ieu analisis struktur jeung ajén karakter tokoh ogé bisa dimanpaatkeun pikeun atikan karakter jeung *Gerakan Literasi Sekolah* ku cara, siswa ngalakukeun literasi unggal poe samemeh diajar salaku (1) pembiasaan, sanggeus eta kana tahap, (2) pengembangan nya éta sanggeus maca budak dititah nyusun laporan hal-hal anu geus dbacana, (3). Dina kagiatan pembelajaran novel di kelas 11 kalayan tagihan atawa tugas anu diluyukeun jeung kurikulum anu lumaku.

5.2 Saran

Dumasar hasil panalungtikan ngeunaan “Struktur Carita jeung Ajén Karakter Tokoh Carita Dina Buku-Buku Sastra anu Dileler Hadiah Samsudi Pikeun Bahan Atikan Karakter Di Sakola jeung *Program Gerakan Literasi Sekolah*”

aya sababaraha saran atawa rékoméndasi tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Gerakan literasi sakola leuwih hadé saupama ngagunakeun buku-buku anu pinuh ku ajén-ajén karakter. Salah sahijina buku bacaan barudak *Tarékh Rasulullah* anu lobana 4 jilid. Perpustakaan sakola geus sakuduna nyadiakeun ieu buku pikeun saterusna didistribusikeun ka para siswa dina program gerakan literasi sakola diluyukeun jeung program ogé kamampuh sakola séwang-séwangan.
- 2) Pikeun para Siswa sakuduna boga karep néangan sorangan bahan-bahan pangajaran atawa bahan bacaan pikeun literasi. Buku *Tarekh Rasulullah* salah sahijina anu luyu jeung cocog upama dibaca ku barudak, pikeun nambahan pangalaman jeung nambahan atikan karakter.
- 3) Pikeun para panalungtik dipiharep bakal aya deui panalungtikan ngeunaan buku-buku sastra pikeun barudak, sabab masih kawilang langka.